

Lekòl Elemantè Citrus Cove pou Ane 2024**Kontra Tit I pou Aprantisaj 2023-2024**

Kontra Tit I pou aprantisaj Lekòl-Paran/Responsab-Elèv la rekonèt pou elèv yo reyisi: lekòl, pwofesè, paran, ak elèv yo dwe travay ansanm pou bay yon anviwònman aprantisaj pwodiktif anrichisan. Tanpri, revize kontra sa a avèk pitit ou a, siyen l epi retounen l avan oswa nan dat 18 out 2023. Tanpri, kenbe yon kopi lakay ou.

Lekòl Elemantè Citrus Cove dakò pou l:

- ★ ofri yon anviwònman san danje, pozitif epi anrichisan pou pitit ou a aprann;
- ★ anseye konpetans, konsèp ak nòm ki koresponn ak nivo klas la;
- ★ ankouraje *Positive Panther Pledge* (Responsab, Respè, Koperativ, Pozitif, ak San danje);
- ★ ranfòse règleman nan klas ak lekòl la yon fason jis avèk konsistans;
- ★ kominike avèk paran regilyèman, konsènan pwogrè pitit ou a nan klas, devwa lakay, ak atant nou genyen;
- ★ demontre konpòtman pwofesyonèl ak atitud pozitif; epi
- ★ ankouraje Fyète Lekòl Elemantè Citrus Cove.

Natalie C. Cromwell

dat _____

Non ak Siyati Direktè/tris (nan non lekòl la)

ParanLekòl Elemantè Citrus Cove yodakò pou yo:

- ★ fè sèten pitit mwen dòmi ase chak swa;
- ★ fè sèten li vin lekòl chak jou epi rive lekòl la 7:50 AM;
- ★ fè sèten pitit mwen an suiv kòd abiman chak jou;
- ★ vini nan konferans, aktivite ak evènman nan lekòl la;
- ★ siyen fèy pwen an chak jou, ranpli tout fòm ak demann yo, epi ede nan devwadmezon;
- ★ diskite avèk pitit mwen sou enpòtans edikasyon akademik, konpòtman, ak "*Trè Pozitif Panther yo*";
- ★ ofri yon anviwònman nan kay la ki valorize edikasyon.
- ★ Sipòte règleman ak pwosedi Lekòl Elemantè Citrus Cove/Distri Lekòl Rejyon Palm Beach; epi
- ★ ankouraje Fyète Lekòl Elemantè Citrus Cove.

/

dat _____

Non Paran an

Siyati Paran an

ElèvLekòl Elemantè Citrus Cove yo dakò pou yo:

- ★ Vin lekòl chak jou;
- ★ Rive lekòl alè (7:50 AM);
- ★ swiv kòd abiman Lekòl Elemantè Citrus Cove chak jou;
- ★ vin tou pare pou kou yo avèk devwa ak founiti klasik chak jou;
- ★ Montre respè pou estaf, elèv, ak envite Lekòl Elemantè Citrus Cove;
- ★ travay an kolaborasyon avèk lòt moun;
- ★ fè efò pou suiv *Panther Pledge* la epi pou m responsab aprantisaj mwen, konpòtman, ak aksyon mwen; epi montre ak ankouraje Fyète Lekòl Elemantè Citrus Cove.

dat _____

Non elèv la